

Tata Pangibadah Minggu Biasa XII

GKJ Ambarrukma, 21 Juni 2020

1. **Pacawisan.**

2. **Pandonging Konsistori :**

Imam : “Dhuh Allah Sang Rama ingkang kasuwargan, keparenga kawula sedaya miwiti pangibadah ing wekdal punika sanadyan taksih kacawisaken wonten ing papan dunung warganing pasamuwan piyambak-piyambak, awit pageblug Corona dereng sirep ngantos dumugi wekdal menika. Sedaya kawontenan mugè Paduka piyambak ingkang nyarirani satemah pulihing kawontenan ing Bumi minangka pakaryan Paduka. Pramila kawula nyuwun panganthi Paduka tumrap lumampahing pangibadah ingkang badhe kaladosaken wekdal punika. Sakathahing dosa kawula kasucekna lan sedaya kalepatan kawula mugè Paduka karsa paring pangapunten. Pandonga kawula menika, kawula aturaken linambaran Asma Dalem Gusti Yesus Kristus. Amin.”

3. **Liturgos :** “Bapak, Ibu, Sadherek, lan Para Putra ingkang kinasih, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng pepanggihan malih wonten ing paladosan pangibadah wekdal punika. Mugè panjenengan sedaya tansah kaparingan bagas waras lan jinangkung ing sih palimirmanipun Gusti. Pramila sumangga kita sami nyawisaken manah kita ijen-ijen, lumebet wonten ing pangibadah Minggu punika kanthi suka renaning manah, sanadyan taksih kacawisaken wonten ing griya utawi papan dunung kita piyambak-piyambak. Kita purwakani kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 14 : pada 1, Kula Samya Tetunggilan**”

Kula samya tetunggilan ngabekti mring Pangeran
wit sinung kacekapan wah bagas kasarasan

Reff : Kula tangsah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti

Wit ing ayoming sihira sestu tentrem raharja.

4. **Votum tuwin Salam Karaharjan :**

Pendeta : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pendeta : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan anak-anak sedaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**

Amin amin amin

5. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : Yeremia 20 : 7 - 13**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti:

Jemaah : “Puji sokur konjuk Gusti”

6. **Liturgos :** “Minangka titah kagunganipun Gusti, sumangga kita tansah ngabaraken kabingahan, awit Gusti Allah tansah paring kekiyatan, satemah saged linuwaran saking tanganipun tiyang-tiyang ingkang nandukaken piala. Sumangga kita sami nyembadani pangandikanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 124 : pada 1 lan 4, Kula Sestu Ndhèrek Gusti**”

Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.

Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.

Refr:

Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.

Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngèstokken dhawuh èdi;

sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani...Refr:

7. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan : 1 Korinta 13 : 4 - 7

8. Imam : Pangakening Dosa

Imam : “Pasamuwan kinasih, sabdaning Gusti saestu ngemutaken kita sedaya, bilih kita taksih asring nglirwakaken jejibahan tumrap Gusti Allah lan sesami. Kita mboten sami rumaos bilih kita mboten sabar, kumeren dhumateng tiyang sanes, gumunggung, cugetan, lan tansah nyimpen kalepatanipun tiyang sanes. Kita mboten nggadahi kesabaran lan dereng nresnani sedherek-sedherek kita wonten ing sakiwa tengen kita. Pramila sumangga kanthi andhap asor, kita sowan malih wonten ngarsanipun Gusti, sami nglenggana menapa ingkang dados kekirangan lan dosa kita. Kita nyawisaken pamratobat kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 44 : pada 1 lan 2 “Aku Wong Kang Dosa”**

Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucekna, srana rahe kang suci.

Refr:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur.

Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka

ingkang saged ngluwari kawula saking dosa....Refr:

Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

Dhuh Allah ingkang Maha Asih, kawula mangertos menapa ingkang Paduka dhawuhaken dhumateng kawula, bilih kawula kedah sabar wonten ing sadaya perkawis, tansah tresnan-tinresnanan dhumateng sesami, kedah tumindak adil, lan mboten nuruti kanepson. Ananging kawula tansah nglirwakaken punapa ingkang dados titah paduka, katitik taksih kathah kalepatan ingkang kawula tindhakaken, ngantos damel sekeling penggalih Paduka, punapa dene pambengan tumraping pasrawungan kawula kalayan sesami kawula. Pramila kawula nyuwun lumunturing sih wilasa Paduka, satemah dados daya kekiyatan anggen kawula nindakaken ayahan sak lajengipun kanthi kebaking kasucen, lumantar panuntuning Roh Suci, ingkang makarya ing manah kawula lan sagung titah ing jagad. Wonten ing Gusti Yesus Kristus, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Filipi 1 : 29

10. Pendeta : Sabda Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Petrus 2 : 21

11. Liturgos : “Bapak, ibu, sadherek, lan para putra kinasih, sasampunipun nampi sihing Gusti, kita nggadahi jejibahan inggih punika nandhang sangsara kagem Panjenenganipun. Sumangga kita sami gumregah nyanggemi punapa ingkang dados karsanipun, lumantar repening **Kidung Pasamuwan Kristen 439 : pada 1 lan 3, Ing Jagad Kang Peteng”**

Ing jagad kang peteng krana dosa, kathah tyang kang nggresula

Karana panandhang, samya nggresah, miwah semplah ing manah.

Refr:

Sumangga, Gusti, ngagem kawula, mrih ngengetna para kanca

sengkut makarya nglawan godha, dadosa berkah tumrap tyang kathah.

Ngundhangna Injil Kratoning Swarga, kinanthia pangdonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa, wah gesangnya sembeda.....Refr:

12. Pamaosing Sabdanipun Gusti

Pendeta : **Maosaken : MATEUS 10 : 24 - 39**

Pendeta : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”

Psmwn : **Mratelaaken Kidung : Haleluya**

Irah-irahan : **“Kasanggeman Gesang ing Sang Kristus”**

Ancas : Pasamuwan nggandhahi kekendelan setyatuhu dhumateng Gusti Yesus nadyan wonten pagiris, minangka wujud kasanggeman nderek Gusti Yesus.

13. Pisungsung

Imam: “Pasamuwan ingkang kinasih, minangka atur panuwun awit lumubering berkah wonten ing gesang kita, sumangga kita ngaturaken panuwun dhumateng Gusti lumantar pisungsung Minggu, Wulanan, utawi Mirunggan, kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, ingkang sinerat ing kitab **Jabur 96 : ayat 8**, mekaten suraosipun: “Pangeran Yehuwah caosono kamulyaning asmane, nggawaa pisungsung lan sebaa marang ing platarane.”

Imam : “Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 173, Mara Dha Aturna Pisungsungmu”**

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji

Muga dadi keparenge Gusti minangka pangabektimu

Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji

Muga dadi keparenge Gusti, mundhut kembanging atimu

Mangkya singkirna was sumelangmu, ginanti gumbira ning atimu,

rinengga niat kang warna warni, pindha puspita megar nglamlami

Ngaturna klawan eklasing ati ing papan kang piniji

Muga dadi lan renane Gusti, nampeni pangabektimu

14. Pandonga Syafaat (*dening Petugas*)

15. Pengaken Pitados Rasuli

Liturgos : Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli**.

16. Pendeta : Berkah.

17. Liturgos : “Kanthi kabingahan ingkang sayekti, kita sami memuji Gusti awit berkahipun, satemah kita saged dumugi perangan pungkasaning pangibadah wekdal punika kanthi sukarena. Pramila sumangga kita sami ngluhuraken Gusti kanthi repening **Kidung Panutup : Kidung Pasamuwan Jawi 431 : pada 1 lan 2, Gusti Adhawuh”**

Gusti adhawuh yèn kita sami, kinèn kadya lilin kang amadhangi,

supaya saben wong padhang ing ati, wah angluhuraké Hyang Masuci.

Saka suwarga Gusti mirsani, ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.

Gusti ya mirsa, apa kita iki, urip kadya lilin kang madhangi.

18. Liturgos: Pasamuwan kinasih, mekaten kala wau pacawisan pangibadah minggu punika. Sugeng lumebet ing gesang padintenan kanthi sami njagi kasarasan ingkang katuntun saking protokol kesehatan. Sugeng dinten Minggu, Gusti tansah paring berkah.

PANDONGA SOKUR LAN SAFAAT

Pasamuhan kinasih sumangga kita lumebet ing pandonga sokur lan syafaat:

Dhuh Allah sang Rama ingkang Asih Mirma, puji konjuk sokur kawula aturaken wonten ngarsa Paduka, awit taksih kaparingan wekdal kagem nindakaken pangibadah, sinaosa tebih saking kasampurnan, awit kawula dereng saged pinanggihane kaliyan sedherek-sedherek kawula kanti cecaketan. Kawula ugi ngaturaken gunging panuwun, awit Paduka tansah paring berkah kasarasan tumrap jiwa lan raga kawula, katebihaken saking sesakit. Mekaten ugi paduka tansah njagi gesang padintenan kawula piyambak-piyambak, kanthi kacekapan, sae punika kacekapan kabetahan kajasmanen utawi kabetahan karohanen.

Dhuh Gusti, wonten ing pangibadah punika kawula nyuwun berkah Paduka tumrap nagari-nagari wonten ing Bumi punika, anggenipun ngadhepi pageblug Corona, mugi paduka tansah paring daya dhumateng para pemimpin ingkang mengku kawicaksanan, supados saged njagi kasarasaning para warganipun. Semanten ugi kagem nagari Indonesia, mugi paduka tansah nganthi para pangembangan pamarintah nagari kawula, anggenipun ngupados margi mentas saking pageblug punika.

Kawula ugi ndedonga kagem para sedherek kawula mliginipun para adiyuswa tuwin para lare, mugi katebihna saking bebaya panyebaraning virus Corona utawi penyakit-penyakit sanes. Tumrap sedherek-sedherak kawula wiranem ingkang taksih kiyat, mugi paduka ugi paring berkah kasarasan, satemah saged njagi para tiyang ingkang sepuh lan sekeng, nyekapi sedaya kabetahan wonten mangsa pandemi punika. Tumrap sedherek-sedherek kawula ingkang nandhang sakit, mugi Gusti rawuh lumantar para dokter, perawat, utawi sedherek-sedherek ingkang ngupadi tamba, satemah mulihaken para sedherek kawula menika sehat kados kahanan saderengipun.

Kawula ugi ndedoga tumrap para pelajar lan mahasiswa, mugi paduka nganthi anggenipun ngadhepi pasinaon jarak jauh, ingkang kapeksa katindakaken kagem njagi kasarasanipun. Paduka cekapi sedaya kabetahanipun sae menika kemampuan berpikir utawi srana prasarananipun.

Tumrap para wiranem ingkang ndungkap dewasa lan ngadhepi gesang bebrayan, mugi paduka ugi paring margi ingkang sae, satemah saged mujudaken kulawarga ingkang mbangun turut lan ajrih dhumateng Paduka.

Kawula ugi dedonga kagem pradataning pasamuhan, ingkang Paduka pitados momong pasamuhan Paduka ing ngriki. Paduka paringi kekiyatan, kasagedan, tuwin katemenan, anggenipun mbudidaya mranata gesang masamuhan ing mangsa pageblug punika, ngantos mboten wonten warganing pasamuhan ingkang katriwal.

Kawula ugi ngaturaken pisungsung minangka atur panuwun kawula dhumateng Paduka, mugi katampia minangka kurban ingkang suci. Tumrap para sedherek kawula ingkang kajibah nindakaken pakaryan Paduka, mugi Paduka berkahi satemah punapa ingkang dipun tindakaken miturut karsa Paduka.

Atur pandonga sokur lan syafaat punika kawula aturaken lumantar Gusti Kawula Yesus Kristus. Amin.